**दिन–बुधवार** **दिनांक–05.02.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

बिहार विधान मंडलक बजट सत्र अट्ठाईस फरवरी सँ शुरू होयत आ ई सत्र अट्ठाईस मार्च धरि चलत। एहि दरमियान कुल उन्नैस बैसक होयत। सत्रक पहिल दिन राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां दुनू सदनक संयुक्त बैसक के सम्बोधित करताह। एहि दिन आर्थिक सर्वेक्षण प्रस्तुत कयल जायत। उपमुख्यमंत्री सह वित्तमंत्री सम्राट चौधरी तीन मार्च के वित्तीय वर्ष दू हजार पच्चीस–छब्बीसक आम बजट प्रस्तुत करताह।

---

केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह बेगूसराय मे कहलनि जे केन्द्र सरकार बजट के सोलह लाख करोड़ टाका सँ बढ़ा कऽ एकावन लाख करोड़ टाका कऽ देलक अछि। ओतहि, बारह लाख टाका धरिक आयकर मे छूट देल गेल अछि। एहि बजट मे बिहारक विकासक लेल कतेको योजना के उपहार सेहो दले गेल अछि। मखाना बोर्डक गठन आ फुड प्रोसेसिंग यूनिट देबाक बात कहल गेल अछि। दिल्ली विधानसभा चुनाव के लऽकऽ ओ कहलनि जे दिल्ली मे बीजेपी के सरकार बनत। ओ कहलनि जे विपक्षक नेता राहुल गांधी के सदिखन मेक इन इंडिया के विफलता देखना जायत अछि। श्री सिंह कहलनि जे आइ भारतक एक्सपोर्ट उन्नैस लाख करोड़ सँ बढि कऽ नब्बे लाख करोड़ टाका भऽ गेल अछि। आइ बिहार लालटेन युग सँ निकलि कऽ पूर्ण विद्युतिकरणक युग मे प्रवेश कऽ चुकल अछि।

---

संसद मे विपक्षक नेता राहुल गांधी आइ पटना मे जगलाल चौधरी के जयंती समारोह के संबोधित करैत कहलनि जे तेलंगाना के तर्ज पर बिहार मे सेहो जातीय जनगणना हेबाक चाहि, जाही सँ ई निश्चित भऽ सकत जे कोन जाति के कतेक आबादी अछि। ओ कहलनि जे ओ हिन्दुस्तानक सभ संस्थानक सूची निकालताह जाहि सँ वास्तविकता में दलित आ ओबीसी के भागीदारी के पता चलि सकय। श्री गांधी समारोह के संबोधित करैत कहलनि जे दलित, ओबीसी आ आदिवासी लोकनि के एखन धरि उचित भागीदारी नहि भेटि सकल अछि।

——————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ प्रयागराज के महाकुंभ में त्रिवेणी संगम मे पवित्र डुबकी लगौलनि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री मोदी कहलनि जे संगम मे स्नान करब एक दिव्य अनुभूति अछि। ओ कहलनि जे एहि मे भाग लेबऽवला करोड़ों आन लोक जकाँ ओहो भक्ति भावना सँ ओतप्रोत छथि। श्री मोदी आशा व्यक्त कयलनि जे माँ गंगा देशवासी लोकनि के शांति, ज्ञान, नीक स्वास्थ्य आ सदभाव के आशीर्वाद देतीह।

——————————————————————————

प्रयागराज स्थित महाकुंभ मे डुबकी लगेबाक लेल कटिहार रेलमंडक दिस सँ आई सँ दू जोड़ी स्पेशल ट्रेन चलाओल जयबाक घोषणा कयल गेल अछि। डीआएम सुरेंद्र प्रसाद जनौलनि जे ई ट्रेन प्रयागराज होयत टूडंला धरि जायत। ट्रेन चलवा सँ पहिनहि ट्रेनक सभ वर्गक टिकट के बुकिंग भऽ चुकल अछि।

——————————————————————————

ओतहि,पूर्व–मध्य रेलवे के दिस सँ महाकुंभ मे सम्मिलित भऽ रहल श्रद्धालु लोकनिक लेल काल्हि सँ सोलह कुंभ मेला विशेष ट्रेन चलाओल जायत। पूर्व–मध्य रेलवेक जनसंपर्क अधिकारी सरस्वती चन्द्र जनौलनि जे एकर अंतर्गत आनंद विहार–पटना, नागपुर–दानापुर, राँची–टूंडला आ भूवनेश्वर–टूंडला के मध्य फराक–फराक तिथि पर विशेष ट्रेन चलाओल जायत।

——————————————————————————

प्रदेशक विभिन्न भाग सभ मे ठंढ़ मे लगातार कमी दर्ज कयल गे जा रहल अछि। मौसम विभागक अनुसार अगिला चौबीस घंटा में राज्यक न्यूनतम तापमान मे एक दशमलव तीन डिग्री सेल्सियस के वृद्धि हेबाक संभावना अछि। जखनकि अगिला दू दिन मे राज्यक न्यूनतम तापमान मे तीन सँ पाँच डिग्री सेल्सियस के कमी हेबाक पूर्वानुमान अछि। राज्य उत्तरी क्षेत्र मे राति मे कुहेस लागल रहबाक संभावना अछि। आइ पश्चिम चंपारण जिलाक

मोतिहारी प्रदेशक सभ सँ ठंडा स्थान रहल जतऽ के न्यूनतम तापमान सात दशमलव पाँच डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल।

———————————————————————

राष्ट्रीय जनता दल के अध्यक्ष लालू प्रसाद यादव कहलनि अछि जे ओ एखन धरि किनको सोझा नहि झुकला अछि आ नहि ओ आगाँ सेहो झुकताह। श्री प्रसाद नालंदा मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप करैत दावा कयलनि जे तेजस्वी प्रसाद यादव अगिला मुख्यमंत्री होयताह।

———————————————————————

बिहार राज्य विश्वविद्यालय आयोगक अध्यक्ष प्रोफेसर गिरीश कुमार आइ कहलनि जे सहायक प्राध्यापक लोकनिक नियुक्ति प्रक्रिया के विषय मे प्राथमिकी दर्ज करौलक अछि। श्री चौधरी आकाशवाणी सँ वार्ता करैत कहलनि जे, नियुक्ति के प्रक्रिया मे पूरा पारदर्शिता राखल गेल अछि।

———————————————————————

उत्तराखंड के देहरादून मे राजीव गांधी इंटरनेशनल क्रिकेट स्टेडियम मे आयोजित अड़तीसम राष्ट्रीय तीरंदाजी खेल प्रतियोगिता मे आइ बिहारक अंशिका कुमारी, झारखंडक कमौलिका बारी, यूथ वर्ग चैंपियन आ जूनियर वर्ग चैंपियन के छओ पांच से हराकऽ फाइनल मे प्रवेश कऽ लेलनि अछि। फाइनल मैच काल्हि अर्जून आवार्ड आ पद्‌मश्री सँ सम्मानित ओलंपियन दीपिका कुमारी के संग होयत।

———————————————————————

अररिया जिलाक फराक—फराक थान क्षेत्र सभ सँ पुलिस आ एसएसबी के संयुक्त टीम छापामारि कऽ अड़तालीस किलो गांजा के संग तीन तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि। ओतहि, जिलाक विभिन्न थाना क्षेत्र सभ सँ पुलिस विशेष अभियान चलाकऽ छओ फरार वारंटी के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त